



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 11/11/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN NOUVO PWOGRAM FÒMASYON
AGRIKÒL PWOFSYONÈL POU VETERAN YO**

***Premye Pwogram Nan Modèl sa Pèmèt Veteran yo Itilize Avantaj Militè yo Pandan
y’ap Resevwa Fòmasyon sou Fèm lan***

Fèm Rejyon Lwès New York lan se Premye nan Eta a Ki Patisipe nan Pwogram lan

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a lansman yon pwogram fòmasyon pwofesyonèl pou veteran militè yo ki enterese nan karyè yo ki nan endistri agrikòl la. Opòtinite fòmasyon sa elaji inisyativ Fòmasyon Pwofesyonèl Divizyon Afè Veteran yo nan Eta New York (New York State Division of Veterans’ Affairs, DVA) pou pèmèt veteran yo itilize avantaj militè yo pandan y’ap resevwa aptitud travay ki itil sou fèm lan. Gras a asistans ki soti nan [Pwogram ‘Cornell Small Farms’ lan](#), [Kreher’s Farm](#) Rejyon Lwès New York lan ki nan Clarence, te jwenn apwouvasyon kòm premye fèm nan eta a ki ofri pwogram sa bay veteran yo. Yo ankouraje lòt fèm adisyonèl yo atravè eta a pou yo aplike pou patisipe nan pwogram lan.

“Veteran atravè New York yo te fè gwo sakrifis pou sekirite ak libète eta sa ak peyi sa. Se devwa nou pou nou sipòte fanm ak gason brav sa yo ki te reponn a apèl pou pwoteje nasyon nou an ansanm ak prensip ke li te fonde sou li yo,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwogram sa pral ouvri nouvel pòt epi non sèlman ofri fòmasyon pwofesyonèl pou veteran yo, men tou li pral sipòte pwodiksyon agrikòl ki ogmante pou kapab bay manje lokal bay kominote yo atravè eta a. Mwen felisite Kreher’s Farm poutèt li patisipe nan pwogram lan, epi mwen ankouraje lòt fèm yo atravè eta a pou yo vin rejwenn nou.”

New York State Beginning Farmers Workgroup, ki te etabli pa Gouvènè Cuomo an 2014, te idantifye nesosite pou gen yon pwogram fòmasyon pwofesyonèl pou veteran yo ki vle pouswiv karyè nan kiltivasyon ak agrikilti. Diskisyon Workgroup lan te abouti a inisyativ Farm Ops lan nan Pwogram Cornell Small Farms lan pou travay ansanm ak DVA pou elaji pwogram Fòmasyon Pwofesyonèl (On-the-Job Training, OJT) aktyèl li an pou kapab enkli fèm New York yo. Anvan sa, OJT te itilize prèske esklizivman pa moun ki se elektrikyen, plonbye, ak lòt metye ki kalifye. Pwogram lan ofri veteran yo opòtinite karyè reminere pandan y’ap fè tranzisyon soti nan sèvis militè yo, pandan y’ap bay anplwayè yo tou travayè ki kalifye. Pandan fòmasyon yo, yo peye veteran yo salè epi yo resevwa tou Alokasyon Lojaman Militè atravè avantaj Fakti GI yo an (GI Bill), ki ede redwi pri lavi a.

Fèm ki enterese yo dwe soumèt yon aplikasyon ak plan fòmasyon bay DVA. Plan an

dwe gen ladan aptitud yo ke veteran an pral aprann ak travay yo ke veteran an pral akonpli pandan fòmasyon an. Peryòd fòmasyon an pral dire soti sis mwa pou rive de (2) an, epi fèm yo ta dwe nan pozisyon pou anboche veteran an a tan konplè nan fen fòmasyon yo an. Manm estaf ak Cornell Small Farms pral asiste fèm yo lè y'ap aplike pou pwogram lan. Yon fwa yo fin apwouve yon aplikasyon, Cornell Small Farms pral ede tou fè koresponn fèm sa yo ak enterè veteran yo.

Ou kapab aprann plis sou pwogram lan epi konnen kijan pou patisipe [isit la](#). Yo ankouraje fèm yo ki entere pou ofri fòmasyon pwofesyonèl yo pou yo kontakte espesyalis sipò edikasyon Cornell lan ki se Dean Koyanagi nan drk5@cornell.edu oswa nan 607-255-9911.

Mwa dènye, DVA te apwouve Kreher's Farm kòm premye fèm New York ki ofri pwogram fòmasyon pwofesyonèl. Kreher's Farm se yon nwayo operasyon k'ap mennen epi se pi gwo pwodiktè ble òganik nan eta a. Veteran yo ki vle aplike pou yon pozisyon OJT nan Kreher's Farm kapab aplike sou entènèt [isit la](#).

Finansman pwogram sa li soti nan Kò Lejislatif Eta New York atravè travay Senatè Patty Ritchie, Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York (New York State Department of Agriculture and Markets), Enstiti Vyabilite Fèm Eta New York (New York State Farm Viability Institute) ak Enstiti Nasyonal Manje ak Agrikilti (National Institute of Food and Agriculture) Depatman Agrikilti Etazini an (U.S. Department of Agriculture, USDA) atravè Pwogram 'Beginning Farmer and Rancher Development' lan.

Senatè Patty Ritchie, ki se Prezidan Komite Agrikilti Sena a, te deklare, "Manm nan militè nou yo fè sakrifis imans, epi li enpòtan anpil pou nou la pou yo apre yo fin sèvi, pou kapab ba yo sipò ke yo bezwen pou jwenn nouvel opòtinite nan lavi sivil yo. Non sèlman pwogram sa ede entwodwi veteran yo nan karyè potansyèl nan agrikilti, men tou li sèvi pou ranfòse epi pwoteje avni endistri Eta New York k'ap mennen an."

Bill Magee, ki se Prezidan Komite Agrikilti Asanble a, te deklare, "Veteran nou yo fè gwo sakrifis pou libète nou, li enperatif pou nou fè tout sa nou kapab pou asire ke yo genyen menm opòtinite yo lè yo tounen lakay yo. Pwogram sa se yon gwo chans pou veteran yo kapab reyisi jwenn karyè nan yon endistri k'ap pwospere."

Ball, ki se Komisè Agrikilti Eta a, te deklare, "Chak ane gen dè milye veteran ki te sèvi peyi nou an ak bravou ke yo bay retrèt yon fason onorab nan militè yo. Malgre etik travay solid ak aptitud inik yo, anpil nan yo gen anpil difikilte pou jwenn travay lè yo tounen lakay yo. An menm tan, gen yon mank travayè ki kalifye, ki serye atravè eta a, an patikilye nan endistri agrikòl la. Pwogram sa ede konekte pwen yo nan bay fòmasyon travay ki presye pou veteran nou yo, pou kapab ede asire yon mendèv agrikòl ki djanm pandan y'ap sipòte pwochen jenerasyon agrikilti an nan New York."

Eric Hesse, ki se Direktè Divizyon Afè Veteran yo nan Eta New York (New York State Division of Veteran Affairs), te deklare, "Sa se yon lòt gwo opòtinite pou veteran nan Eta New York yo. Nou ta renmen remèsye alafwa fèm Cornell ak Kreher's poutèt yo pran mezi ki nesèsè yo pou ka vin tounen premye fèm nan New York ke yo apwouve pou bay veteran ki kalifye yo yon opòtinite pou itilize Fakti GI yo pandan y'ap resevwa fòmasyon pwofesyonèl. Pandan ke endistri agrikòl la kontinye devlope nan

New York, nou ta renmen wè plis Veteran pran avantaj de opòtinite sa, epi nou espere ankouraje plis fèm pou travay ansanm ak Veteran yo ki kalifye pou pwogram lan.”

Doktè Anu Rangarajan, ki se Direktè Pwogram Cornell Small Farms lan, te deklare, “Pwogram ‘Cornell Farm Ops’ nou an konekte veteran militè yo ak resous ak rezo yo ke yo bezwen pou yo kapab reyisi antan ke antreprenè oswa anplwaye nan agrikilti.” Nou kontan anpil pou nou ralye fòs ak fèm ki etabli nan New York yo pou kapab elaji opòtinite yo pou veteran yo kapab jwenn bon jan travay epi rele New York lakay yo.”

Mike Kreher, ki se Patnè Kreher’s Farm, te deklare, “Veteran yo te sakrifye anpil bagay pou peyi nou an ak libète nou. Lè yo retounen, yo gen anpil bagay pou ofri kominote nou an ak anplwayè potansyèl yo. Veteran yo devlope anpil aptitud nan militè a ki presye anpil nan espas travay yo. Li enpòtan pou nou, antan ke anplwayè, fè sa nou kapab pou sipòte fanm ak gason nou yo ki retounen sot sèvi, pou ke yo kapab vin lakay yo epi jwenn travay ak opòtinite.”

Jim Bittner, ki se Prezidan Enstiti Vyabilite Fèm Eta New York (New York State Farm Viability Institute, NYSFVI), te deklare, “NYFVI te bay finansman pou Pwogram ‘Beginning Farmer’ an nan New York depi 2006. Nou fyè dèske nou te bay fon ki nesèsè yo pou kapab fè sibvansyon USDA vin posib, epi dèske pwogram lan ap kounye a benefisye a ewo militè nou yo epi ba yo yon opòtinite nan agrikilti. Komite nou an gade pwogram sa kòm yon gwo investisman nan veteran k’ap retounen yo ak nan agrikilti New York.”

John Lemondes, ki se Prezidan Kowalisyon Veteran Fèmme Eta New York (New York State Farmer Veteran Coalition), te deklare, “Antan ke prezidan Kowalisyon Veteran Fèmme Eta New York, mwen pèsònèlman kontan anpil pou mwen wè opòtinite sa reyalize. Pwogram OJT an poukont li, se endikatif entèseksyon anpil defi ke eta ak peyi nou an ap fè fas a yo, epi li bay yon mwayen pou leve defi yo. An plis, li mobilize yon pati nan popilasyon Etazini an, kapital entèlektyèl yo, aptitud ak eksperyans yo pou ranpli yon vid enpòtan ke kèk grenn moun okouran de li oswa konprann, sepandan tout moun bezwen mwayen sivi bazik-- pwodiksyon manje. Malgre tou, mwen kontan pou mwen wè anfas sou fèmme amatè yo akòz gwo difikilte baryè antre yo atravè domèn agrikilti an.”

Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York (New York State Department of Agriculture and Markets) ap travay de prè ak divès patnè, ki enkli Cornell University ansanm ak Pwogram ‘Small Farms’ li an, pou idantifye opòtinite inovatif yo pou nouvo fèmme ak fèmme amatè yo, ki enkli veteran yo. An plis, gen yon [manyèl sou entènèt](#) pou nouvo fèmme yo ki disponib epi ki genyen enfòmasyon sou règleman eta yo, fòmasyon travay, pwopriyete tè, finansman fèm, komèsyalizasyon, ak plis ankò. Resous sa te kreye kòm yon rezilta Beginning Farmer Workgroup Eta a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418